



Semaken video ing ngisor iki banjur wangsulana pitakonan kang ana ing ngisore kanthi tliti!

GLADHEN I

1. Golekana tegese tembung kang angel ing penggalan crita rakyat ing ngisor iki :
 - a. wasana
 - b. Emut
 - c. piweling
 - d. cekap
 - e. cekak
2. Apa irah-irahan crita rakyat kang ana ing video?
3. Ana ing desa ngendi kadadéyan crita rakyat kuwi?
4. Sapa paraga utama ing crita?
5. Kena apa Baru Klinthing diusir dening warga?
6. Sapa sing paring pitulung marang Baru Klinthing?
7. Apa kang dipeseni saka Baru Klinthing marang Mbok Randha?
8. Sayembara apa kang dilakokake dening Baru Klinthing?
9. Kepriye kahanan desa sabubare Baru Klinthing ndudut sada?
10. Piweling apa kang bisa kapethik saka crita rakyat kasebut?

GLADHEN II

Critakna maneh Crita Rakyat Dumadine Rawa Pening!



Ing sawijining dina, Baru klinthing mara ing tengah dhusun kang kabeh wargane nduweni rasa umuk lan pelit.

Warga :“Heh bocah ala! Ana apa kowe saba ing dhusun iki meneh? Panganane wis entek, banjur ana apa kowe rene?Apa arep maling.”

Baru Klinthing :“Kula sanes bocah drengki Paman. Kula namung dipunajari kabecikan dening ibu kula. Kula badhe ngawontenaken sayembara Paman.”

Warga :“Apa?Ora usah ngejak guyon bocah ala. Sayembara kaya apa kang mbok karepake?”

Baru Klinthing :“Kula badhe nancepaken sada ing lemah ngriki. Sinten ingkang saged mbedhol sada menika ingkang menang. Lajeng kula lunga saking dhusun menika.”

Baru Klinthing :“Mangga panjenengan cobu Paman.”

Warga : “ Mengko dhisik, tanganku iki pancen rada lara. Tak celukake kanca-kancaku,ntenana sedhela! Aja gumedhe dhisik awakmu. He kanca-kanca padha renea!”